# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के लोकभवन में आयोजित एगो कार्यक्रम में बत्तीस औद्योगिक इकाइयन के एक हजार तीनि सौ तैंतीस करोड़ रूपिया क प्रोत्साहन रासि बंटलें। सथहीं, चारि हजार पांच सौ करोड़ रूपिया से बेसी क निवेस बदे दस औद्योगिक इकाइयन के लेटर ऑफ कम्फर्ट बंटलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि हमार सरकार झांसी अउर कानपुर के बिच्चे छत्तीस हजार एकड़ जमीनि में नया औद्योगिक सहर बीडा के बसावे क कार्यवाही सुरू कै चुकलि हौ।

***ये लगभग हम लोग छत्तीस हजार एकड़ लैण्ड में झझांसी और कानपुर के बीच में इस नये औद्योगिक शहर को बसाने की कार्यवाही को आगे बढ़ चुके हैं और तेजी के साथ हमारा कार्यक्रम बनता जा रहा है। याद करना नोएडा को बसने में छियालीस साल लगे और छियालीस साल के बाद वहां एक एयरपोर्ट, इंटरनेशनल एयरपोर्ट के रूप में जेवर अब आ रहा है लेकिन यहां पर हम जैसे ही हमारा यहां औद्योगिक शहर बसेगा इसके बसने के साथ ही यहां एयरपोर्ट की सुविधा भी उपलब्ध कराये जा रहे हैं।***

उहां के कहलीं कि लखनऊ अउर ओकरे आसपास क छौ जिलन के जोड़ि के स्टेट कैपिटल रीजन बनावल जा रहल हौ। श्री योगी कहलें कि बिगत साढ़े सात बरिस में प्रदेस क इंफ्रास्ट्रक्चर के बेहतर कइल गइल हौ। आजु प्रदेस में एक्सप्रेस–वे, हाइवे अउर हवाई सेवा क सानदार कनेक्टिविटी हौ। उहां के कहलीं कि उद्यमी लोगिन क समेस्या क समाधान बदे हमार सरकार प्रदेस भर में एक सौ पचीस सीएम फेलो तैनात कइले हौ, जे औद्योगिक विकास विभाग के साथे मिलि के कार कै रहल हवें।

अपराध, अपराधी अउर भ्रष्टाचार के खिलाफ हमार सरकार जीरो टॉलरेंस क नीति पर कार कइ रहलि हौ। उहां के कहलीं कि सरकार निवेसकन से जवन वादा कइले रहलि ओके धरती पर उतारे में सरकार के कउनों संकोच नइखे। निवेसकन के सुविधा देवे बदे सासन क नीति के हिसाबि से डबल इंजन क सरकार सज्जो बैरियर तोड़ी।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में फ्लिपकार्ट क उन्नाव अउर वाराणसी में वेयरहाउस क वर्चुअल जरिया से उद्घाटन कइलें। येह मौका पर उहां के ओडीओपी बिक्रेता लोगिन क अनुभवो साझा कइलीं। श्री योगी कहलें कि हम्मन के डिजाइन, तकनीक, मार्केट के साथे कई गो पहलुअन पर कार कइ के पैकेजिंग अउर एक्सपोर्ट पर फोकस कइले हईं बाकिर एके अउरियो गति देवे क कार तब भइल जब फ्लिपकार्ट ग्रुप हमरे साथे जुड़ल अउर ई–कॉमर्स प्लेटफारम के रूप में ऊ सेवा दीहल सुरू कइलस। मुख्यमंत्री कहलें कि स्वभाविक रूप से ई–कॉमर्स के जरिया से एगो नया जुग क सूत्रपात भइल हौ। ई स्वस्थ्य प्रतिस्परधा के बढ़ावा दे रहल हौ अउर हर नागरिक के, फिर चाहे ऊ सहर में हो चाहे गांव में ओके येह प्लेटफारम के जरिया से दुनिया क कउनों बजारि से आपन उत्पाद के पहुंचावे क सामर्थ्य मिलल हौ, जवन पहिले कठिन रहल अउर असम्भव जइसन लागत रहल। येह मौका पर उहां के कम्पनियन क आवाहन करत कहलीं कि ऊ उत्तर प्रदेस में वेयरहाउसिंग नीति क लाभ ले के नया सम्भावना पर कार करें। उहां के कहलीं कि हम्मन के जानी लां कि प्रदेस में एमएसएमई क एगो बेस आजुये से नाहीं बलुक बिगत सैकड़ों बरिस से हवे बाकिर समय के हिसाबि से तकनीक, डिजाइन, पैकेजिंग के साथे कई गो पहलुअन पर बदलि रहल समय क मांगि के हिसाबि से कार्रवाई न करे अउर ठोस कार्ययोजना न बनावल गइले के नाते पछिला तीनि–चारि दसक से ई दम तोड़त रहल।

**********

गोरखपुर दौरा क दुसरा दिन्ने राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु दीनदयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय क तिरालीसवां दीक्षांत समारोह में सामिल हो के मेधावियन के मेडल दिहले के सथहीं विद्यार्थियन के उपाधियो बंटलिनि। समारोह में राज्यपाल ओन्चास छात्रा अउर बारह छात्रन के साथे एकसठ मेधावियन के स्वर्ण पदक प्रदान कइलीं। येही क्रम में सतासी हजार तीनि सौ ओन्सठ विद्यार्थियन के स्नातक अउर स्नातकोत्तर अउर एक सौ छाछठ विद्यार्थियन के पीएचडी क उपाधि दीहल गइल। येह मौका पर राज्यपाल कहलिनि कि अइसन सिक्षा प्रणाली बिकसित करे के चाही, जवना से अस्सी सालि से इंतिजार कै रहल भारतो के नोबल पुरस्कार मिल सके। उहां के कहलीं कि भाजपा में जनसंख्या क दुइ तिहाई नौजवान हवें, पैंतीस से कम उमिरि वाले पैंसठ फीसदी से बेसी हवें। जो त इन्हें सही ढंग से तइयार कइल जाव त हम बिकसित बनि सके लीं।

**********

उत्तर प्रदेस आरक्षी नागरिक पुलिस क साठि हजार से बेसी पदन पर भरती बदे कड़ेर सुरक्षा इंतिजाम अउर निगरानी के बिच्चे आजु चउथा फेरा क परीक्षा सकुसल सम्पन्न हो गइल। बिहने पचवां अउर आखिरी फेरा क परीक्षा होई। सासन के निरदेस पर सम्बन्धित जिलन क डीएम अउर एसएसपी लगतारे भ्रमण कइ के परीक्षा केन्द्रन क निरीक्षण करत रहलें। परीक्षा बदे सड़सठ जिलन में कुलि एक हजार एक सौ चउहत्तर परीक्षा केन्द्र बनावल गइल हौ। परीक्षार्थियन क सुविधा बदे रोडवेज बसन में एडमिट कार्ड देखा के निःसुल्क जतरा क सुविधा दीहल गइल हौ। सथहीं, रेलवे प्रसासन स्पेसल ट्रनों चला रहल हौ।

**********